# képp ku sos ci sunu mbir mii lu ci bokkul dees ka koy delloo

Jële nañu ci ndayu jullit ñi Ummu Abdulla Aysatu yal na ko Yàlla dollee gërëm, nee na: Yonente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc nee na: "képp ku sos ci sunu mbir mii lu ci bokkul dees ka koy delloo" Ñëw na ci nettalib Muslim: "képp ku jëf jenn jëf te sunu ndigal nekku ca dees ka koy delloo"

[Wér na] [رواه البخاري ومسلم]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day leeral ne ku sos ci diine ji mbaa mu jëf jëf joo xam ne Alxuraan ak Sunna tegtalewu ko, dees koy delloo boroom te deesu ko nangu fa Yàlla.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/66514